

BAB III

METODOLOGI PENELITIAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskripsi, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun Struktur Carita Rayat Cirebon, anu satuluyna dipaluruh, tuluy ditataan pungsi jeung unsur budaya anu nyampak dina éta carita (dongéng).

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka, téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung téhnik analisis.

3.1.2.1 Téhnik Talaah Pustaka

Talaah pustaka, salian ti pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis ogé maluruh ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.1.2.2 Téhnik Observasi

Téhnik observasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data kalawan datang langsung ka lokasi panalungtikan, ngagunakeun sakabéh alat indera, sarta ngagunakeun instrumén pikeun niténan objék panalungtikan.

3.1.2.3 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nyaéta pikeun néangan inpormasi jeung ngalengkepan katerangan-katerangan anu aya patalina jeung panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (1993: 127) pelaksanaan wawancara kabagi jadi tilu bagian, nyaéta:

- 1) wawancara bebas, dina ieu wawancara, nu ngawawancara bebas nanyakeun naon waé ka nu diwawancarana;
- 2) wawancara dipimpin, dina ieu wawancara, nu ngawawancara biasana dumasar kana lembar pertanyaan anu geus di tangtukeun;
- 3) wawancara bébas-terpimpin, ieu wawancara mangrupa campuran antara wawancara bébas jeung wawancara dipimpin.

Dina ieu panalungtikan téhnik anu di gunakeun nyaéta téhnik wawancara bébas-terpimpin.

3.1.2.4 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis bahan atawa data anu geus dikumpulkeun, nyaéta data dipaluruh dumasar kana struktur caritana, satuluyna diklasipikasikeun dumasar kana jinisna, sarta dipaluruh jeung ditataan pungsi jeung unsur budaya nu nyampak dina Carita Rayat Cirebon.

3.2 Lokasi jeung Sumber Data

3.2.1. Lokasi

Lokasi dina ieu panalungtikan nyaéta di Kota Cirebon, sabab di kota ieu masih kénéh nyekel pageuh kana tradisi hususna sastra lisan, contona waé mantra-mantra jeung dongéng masih kénéh kapanggih dina kahirupan sapopoéna.

3.2.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta meunang tina literatur jeung inpormasi ti warga satempat.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *tape recorder*, kaset, kamera, jeung alat tulis.

3.4 Langkah-langkah

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah, nyaéta tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

a. Tahap tatahar

- 1) Ngalaksanakeun ulikan pustaka;
- 2) Ngasongkeun judul;
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping

b. Tahap Ngumpulkeun Data

- 1) Ngalaksanakeun observasi;
- 2) Ngayakeun wawancara jeung nara sumber;
- 3) Ngumpulkeun jeung ngadokumentasikeun data;
- 4) Ngainpentarisir data nu asup.

c. Tahap Nganalisis Data

- 1) Nengeutan data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Data diolah dumasar kana indikator nu geus ditangtukeun dina bab 2;
- 3) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah.

a. Tahap Nyusun Laporan

Laporan disusun dina wangun skripsi dumasar kana pedoman penulisan karya ilmiah sarta menang apingan ti dosen-dosen pangaping.